Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 28 (7377)
27 Июнь 2019 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## ЛъикIаблъун рикIкIана



Араб анкьалда райадминистрациялъул конференц-залалда букIана «Унсоколо район» муниципалияб гIуцIиялъул Уставалъул цIияб редакциялъул проекталъул публичнияб слушание.

Бихьизабизин: Уставалъул проект бахъун букIана районалъул «Ахихъан» газеталда гьаб соналъул 28 маялда, лъун буго районалъул администрациялъул официалияб сайталда, Интернет-сеталъул «Собрание депутатов»,-абураб бутIаялда.

Данделъиялда гIахьаллъана районалъул Собраниялъул пред. М. Юсупов, районалъул бетIерасул замал, учреждениял организациязул нухмалъулелгун хIалтIухъаби. Уставалъул проекталда тIасан кIалъазе яхъана районалъул администрациялъул юрист У. Бартыханова. Гьелъ бицана Федералияб законалда рекъон Уставалъул проекталъул аслиял рахъазул ва гьарурал хисабасиязул.

Хадуб киназго цогояб къагIидаялъ лъикIаблъун рикIкIана цIияб редакциялъул проект ва районалъул депутатазул Собраниялъе лъикIаблъун бихьизабуна цIияб редакциялъул проект Уставлъун къабул гьабизе

## Продукция босизе – заманаялъулаб базар

Районалъул гIадамазе риидал рарщулел ахбазан-курак, багIли, помидор ва цогидалги пихъал кьезе бакI букIинабе,-ян гьаригун гIемерал гIадамал рачIуна районалъул бетIерасухъе. Гьеб суал жиндирго хъаравуллъиялде гъоркьеги босун ГI. НурмухIамадовас МахIачхъалаялъул администрациялде ходатайство гьабуна гьеб тIубаялъе кумек гьабе,-ян. Нахъ бахъичIого тIубазабуна гьеб суал – шагьаралъул бетIер С. Дадаевас ва бича-хисиялъул, предпринимательствалъул ва рекламаялъулги Управлениялъул МКУялъул нухмалъулев ГIалибулат МухIамадовасда лъазабуна росдал магIишаталъул базаралъе ГIахъушинскиясул къотIноб («Кристалл» банкетнияб залалда аскIоб) бакI букIинабе,-ян.

I9 июналда ГI. НурмухIамадов, ГI. МухIамадов, ХI. МухIамадов росабазул бутIрулгун цадахъ щвана гьеб базар бихьизе. Гьеб бихьизабун буго республикаялдаго росдал магIишаталъул продукция жанибе босизе. Щивас щибго гIадада хвезе течIого гьенибе кьезе бегьула росдал магIишаталъул жидецаго гIезабураб продукция.

ТIолалго магIарул районазул гIадамазул рахъалдасан ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе бокьун буго С. Дадаевасе жидерго захIматалдалъун гIезабураб бачIин гIадада хвезе течIого кьезе бакI чIезабуралъухъ.

Росдал магIишат

## Ахбазаналъул лъикIаб бачIин

Гьал къоязда хIалтIулаб сапаргун Унсоколо районалда вукIана РДялъул росдал магIишаталъул ва квана-гьекъолел жалазул рахъалъ министрасул зам. Эмин ШейххIасанов. Гьес лъай-хъвай гьабуна районалъул ахакь курак-ахбазан бакIари унеб бугеб куцалъул.

Гьоболасда дандчIвай гьабуна районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. Гьениб хабар ккана мугIрул территориалияб цебетIей букIинабиялъе гьаризесел тадбиразда, АПКялъ гьаризе ругел кумеказда хурхунги. ДандчIваялда ГI. НурмухIамадовас абуна: «Дагъистналъул бетIер В. Васильевас ва Правительствалъул пред. А. Здуновас кIудияб приоритетнияб кIвар кьолеб буго росдал магIишат цебетIезабиялде, руго АПКялдасан батIи-батIиял рахъал церетIезариялъе гьарулел кумекал. Гьеб хIалтIуе нухмалъи гьабулеб буго Правительствалъул председателасул зам., РДялъул росдал магIишаталъул ва квана-гьекъолел жалазул рахъалъ министр А-М. Абулмуслимовас. Гьев вачIаралдаса гIемерго цебетIун унеб буго Дагъистаналда росдал магIишат, пачалихъияб кумек щвей лъугьана хIакьикъиябльун, адреснияблъун ва хайир бугеблъун. Лъалеб асар буго мугIрул территориалияб бакIал церетIезариялъе гьарулел хIалтIабазульги. Бокьилаан гьел хадурккунги гIатIид гьаруни, гIи-боцIухъанлъи, рекъулел жал ва цогидалги



рахъал церетIезаруни, инфраструктура ва социалиял объектал рай церетIезаруни»,-абун.

Хадуб бетIерас бихьизабуна Унсоколо район машгьураб бугин тIагIамал пихъаздалъун, Дагъистан тун къватIиса гIадамазги гьезул продукция босулин. Исана бугин бачIин бугеб сон, гьабсагIаталда тIад бан унеб бугин ахбазан бакIари.

**(Ахир 4 гьумералда)**

22 июнь-ВатIанияб рагъ байбихьараб къо

## Метер букIана рагъ...



рухI речIчIизабуразе. Пашманлъи ракIалде щваниги гьеб къо буго нилъее нилъерго халкъалдаса роххилъун, гьезул бажариялда са гIорхъи гьечIого чIухIилъун. Халкъазул ракIазулъ гьеб хутIун буго унго-унголъунги гIумро бичIчIун халкъалъ къо хIехьеялдаса чIухIилъун. Жакъа чIухIун абизе кIола нилъер районалъул гIадамазги бергьенлъи босиялъе бихьизабуна бихьинчилъи, жидедаго барахщичIого хIалтIана тылалда. Нилъер районалдаса рагъде ана 900 ялдаса цIикIкIун чи, гьезул цIикIкIунисел тIад руссинчIо, руссана гIицIго 4I0 чи, кьалул майданалда хутIана 490 чи. Рагъде арал захIматалъуль хисана эбелаз, яцаз, лъудбуз, ясаз. Гьел хIалтIана колхозазда, бекьана ракь, хьихьана гIи, Терекалде ана рагъ ВатIаналде

22 июналда районалъул администрациял да букIана КIудияб ВатIанияб рагъ ккеялдалъун ракI бакъваялъул къо. Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, замал, бетIерасул кумекчи, районалъул рагъулав комиссар Ш. МухIамадов, районалъул ОМВДялъул нач. С. ХIажиев, райадминистрациялъул отделазул начальникал, хIалтIухъаби.

Тадбир рагьана районалъул культурая лъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаевас. Гьесул кIалъаялдаса хадуб данделарaз руцIун чIеялдалъун ракIалде щвезаруна рагъда хварал, тIагIарал.

РуцIун чIеялъул минуталдаса хадуб кIалъазе вахъана муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадов. Жиндирго кIалъаялда гьес абуна: «22 июнь ккола нилъер улкаялъул тарихалда жаниб бищунго ракI бакъвараб ва кIудияб балагь халкъалде бачIараб къо. Гьаб пашманлъи квешлъи ракIалде щвараб къоялъ нилъеца бутIрул къулула рагъул авлахъалда жидерго гIумро кьуразе, тIагIаразе, тылалда хIалтIун улкаялда





биччачIого букIине щулалъиялъулал хIалтIаби гьаризе. Унсоколо районалъул гIадамаз бакIарараб гIарцуде рагъул саназда гIуцIана Шамилил цIаралда бугеб танкабазул колонна ва М. Дахадаевасул цIаралда бугеб эскадрилья.

**(Ахир 4 гьумералда)**

# РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН, УНЦУКУЛЬСКИЙ РАЙОН,
# Собрание депутатов муниципального района

## РЕШЕНИЕ
## об исполнении бюджета МО «Унцукульский район»

**Принято Собранием депутатов муниципального района от «23 » _мая__ 2019 г. № _10_**

**В соответствии с Положением о бюджетном процессе в МО «Унцукульский район», рассмотрев и обсудив информацию заместителя главы муниципального образования Арулмагомедова С.С.**

**Собрание депутатов муниципального района**

**РЕШАЕТ:**

1. Принять к сведению информацию заместителя главы МО «Унцукульский район» о проделанной работе по исполнению доходной и расходной части бюджета района за 2018 год.
2. Одобрить и утвердить отчет об исполнении бюджета Унцукульского района за 2018 год.
3. Руководителям и бухгалтерам учреждений района, финансируемых из районного бюджета, осуществлять расход денежных средств, строго по целевому назначению.
4. Работу ИМНС по Унцукульскому району, а также глав МО поселений по сбору налоговых и неналоговых платежей в бюджеты поселений считать удовлетворительной.
5. Обязать администрации придерживаться установленных лимитов численности работников органов местного самоуправления в соответствии с Постановлением Республики Дагестан от 27.06.2014 года №295.

Настоящее Решение вступает со дня опубликования.

**Глава муниципального района**
**И.Нурмагомедов**

## Протокол
## публичных слушаний по обсуждению проекта Устава муниципального образования «Унцукульский район» РД (муниципальный район) в новой редакции (далее- проект Устава района)

Публичные слушания назначены решением Собрания депутатов муниципального района «Унцукульский район» от 23 мая 2019 года №7

Дата проведения публичных слушаний: 18 июня 2019 года.

Время проведения: с 10 часов до 12 часов

Место проведения: поселок Шамилькала, ул.Дахадаева, 3, актовый зал администрации муниципального района «Унцукульский район».

Председатель публичных слушаний - Юсупов М.Б.

Секретарь публичных слушаний - Магомедов М.К.

Присутствовали: жители Унцукульского района в количестве 43 человек.

ПОВЕСТКА ДНЯ:

**1 Рассмотрение проекта Устава муниципального образования «Унцукульский район» РД (муниципальный район) в новой редакции.**

**Слушали: Юсупова Магомеда Башировича - председателя Собрания депутатов муниципального района «Унцукульский район»**, в своем выступлении озвучил присутствующим о том, что проект Устава района был принят на заседании Собрания депутатов муниципального района 23 мая 2019 года, был опубликован на страницах районной газеты «Садовод» 28 мая 2019 года за номерами 23-25, размещен на официальном сайте администрации МО «Унцукульский район» в разделе «Собрание депутатов», и жители района имели возможность ознакомиться с текстом проекта Устава муниципального образования. Была создана рабочая группа Собрания депутатов численностью 3 депутатов в составе, руководителем которого являюсь и я, с целью организации работы по учету предложений граждан по данному проекту, но с 29 мая по сегодняшний день в наш адрес предложения не поступили, хотя данный муниципальный правовой акт имеет важное значение для района, является основополагающим документом, определяющим статус муниципального образования и особенности деятельности органов местного самоуправления и закрепляющий организационные, финансово-экономические и иные основы местного самоуправления на территории муниципального образования. Просит участников публичных слушаний одобрить предлагаемый проект Устава района.

**Слушали: Бартыханову У.М. - главного специалиста по правовым вопросам администрации МО «Унцукульский район»,** которая более подробно рассказала, с какой целью подготовлен данный проект Устава, действующий Устав района был принят еще в 2015 году, после этого в связи с изменениями, произошедшими в Федеральном законе №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», пять раз вносились изменения и дополнения в Устав района, в последствии, затрудняло нашу работу, потому что приходилось при работе использовать вместо одного документа несколько документов, проект Устава района в новой редакции прошел антикоррупционную экспертизу в Управлении Министерства юстиции РФ по РД, также рассказала о
необходимости внесения изменений в данный проект в связи с произошедшими 6 февраля изменениями в федеральном законодательстве.

Просит участников публичных слушаний поддержать данный проект Устава района и рекомендовать Собранию депутатов муниципального района принять Устав района в новой редакции.

**Выступившие:** Магомедалиева А.М., Гамзатов М.А., Мухастанов А. Г. поддержали предложения Юсупова М.Б. и Бартыхановой У. М.

**Голосовали: «за»-45, «против»-нет, «воздержались» - нет.**

**РЕШИЛИ:**

1.Рекомендовать Собранию депутатов муниципального района «Унцукульский район» принять Устав района в новой редакции на ближайшем заседании Собрания депутатов муниципального района «Унцукульский район».

2.Направить протокол публичных слушаний по проекту Устава района и заключение по нему в редакцию районной газеты «Садовод» для опубликования.

**Председатель Юсупов М.Б.**
**Секретарь Магомедов М.К.**

## ЗАКЛЮЧЕНИЕ
## по результатам публичных слушаний по обсуждению проекта Устава муниципального образования «Унцукульский район» РД (муниципальный район) в новой редакции (далее - проект Устава района)

пос. Шамилькала 18 июня 2019 года

Публичные слушания по обсуждению проекта Устава района были проведены по инициативе Собрания депутатов муниципального района «Унцукульский район» на основании решения Собрания депутатов муниципального района от 23 мая 2019 года №7.

Присутствовало – 43 человек

Выступило - 5 человек

Путем голосования установлено, что проект Устава района одобрен единогласно всеми участниками публичных слушаний муниципального образования «Унцукульский район».

**Председатель Юсупов М.Б.**
**Секретарь Магомедов М.К.**

# По вопросам противодействия коррупции

18-19 июня в Махачкале на базе Дагестанского кадрового центра состоялись образовательные мероприятия по вопросам реализации государственной политики РФ в сфере противодействия коррупции с участием лиц, замещающих муниципальные должности и муниципальные служащие РД, с привлечением приглашенных центром экспертов ФГБОУ ВО «РАНХиГС при Президенте РФ» и Управление Администрации Главы и Правительства РД по вопросам противодействия коррупции.

В данном мероприятии принял участие глава Унцукульского района Иса Нурмагомедова, а также главы сельских поселений муниципалитета.

Образовательные мероприятия состоялись в соответствии с поручением Руководителя Администрации Главы и Правительства РД В.В.Иванова.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 28 (7377)
Хамиз
27 Июнь 2019 сон



Лъида лъалеб, гьудул, гьанжесаги къо
Лъие бакъги баккун, къокъинебали?
Бальголъиха, дарман, метерги дунял,
Лъие икъбалги ккун, къирилебали!

Лъие талихI босун, хъахIлъи баниги,
Дирги РахIманасде хьул къотIун гьечIо.
РухI лъуравщинасде цIадлъун щваниги,
Бичасул рахIматал тIагIунел гуро.

# ГIолохъанлъи



## ЗахIмалъабазулъ лъадарараб гIумро

(ХIакъикъияб хабар)

**МугIрузде ххарун, гIододблъиялде кIуржун цебехун унеб буго республикаялдаса журналистгун цадахъ Хунзахъ тIалъиялде сапар гьабулеб ниж рекIараб «Нива-Шервале» автомашина. Гьелъул салоналъуб биччан буго М-ТI. Синдикъовас ахIулеб;**

**ВукIана цо мискинчи**
**Цо цIеялъул бетIергьан,**
**Цо гъветIалъул ахихъан**
**Цо ханжар-рачел бугев…**
**Рес къотIарав мискинас**
**Лъарги ккун хъуна дегIен,**
**КъотIана цо бугеб гъветI**
**Гьелъул пандурги гьабун**
**Гьелда дагIнил чIчIва бана,-ян ахIулеб кечI.**

**Лазатаб кечIалъ ракIазе лъикIаб асарги гьабун бакъ бухIиялъ риидалцин лъикIго гIурччинлъизе кIвечIел хундерил мугIрузухъги балагьулаго пикрабазда ругел нижер ракIазе кьолеб асар щущазабуна бакIаб гIумроялъул пикрабазулъ тIерхьарав, вакъа-кIасарав шоферас.**

**«Гьаб буго дир гIумроялъул кечI ва гьениб бицунелда релъараб буго дир гьанжелъизегIан араб гIумро»,-ян абун угьун хIухьел биччана гьес. Бокьун буго нуж журналисталги ругелъул дирго гIумроялъул бицине,-ян абун дагьабго гьитIин гьабуна гьес магнитофоналъул гьаракь.**

**-ХIадур руго,-ян гьесие жавабги кьун цоцахъ ралагьана ниж. Гьале гьеб хабар.**



Шарипида жиндирго инсул гьумер лъаларо. РакIалда буго жеги щулаго хIетIалда вахъун чIоларев гьев къаргъа хIалел ян гьесда хадув векерулев, гIодов речIчIулев вукIараб куц. Лъабго сонил гIумроялда вугеб мехалъ шагьаралде арав инсуе аварияги ккун бесдаллъана гьав. ЦIодорав васасда кIочонаро каранда гьавги къан гIолохъанай эбелалъул бадиса чвахулеб букIараб магIу, амма кинго бичIчIулароан щай гьебали. Гьедин гьитIинаб магIарул росулъ кисанго гIумро гьабиялъе кумекги гьечIого цо гIакаги хьихьун, гьитIинабго хурги бекьун, гьабулеб букIана эбел ПатIиматицаги, инсул эбел ГIащацаги, гьасги гIумро.

Дол рукIана ункъоабилел санал. ГIун вачIунев вукIана Шарип. Лъабабилеб классалде вахъана гьав. Вас школалде ине заман щвелалде гьесие ретIел-тIехалда чIвазе жо щвелародай,- ян пер бахъулеб бакIалде ине бокьилаанилан якьад ГIащада дандбана ПатIиматица.

-А, дир яс, гьедингIаги гьабичIони гьал ракъварал, хъарцинлъарал мугIрузда нилъ гIадаз гIумро кин гьабилеб,-ян жиндирго разилъи лъазабуна кIудияй эбелалъ.

Гьедин цадахъ гIадамалгун пер бахъун магIишаталъе жо балагьизе ана эбел, гьав абуни хутIана кIудияй эбелалъул цIобалда. Риидалил каникулал лъугIулел рукIана, амма эбел тIад юссуней йикIинчIо. ГурхIараз кьурал кепкал данде гьарун жиндиего школалъул формаялъул хъахIаб гурде босизе нахъе лъолаан васас. КIудияй эбелалъул цIоросаролъил ханждал гьарурал гIезегIанго къвакIарал хинкIаздаги мучариялдаги гIей гьабун щвараб шагьи-пара гIадада хвезабулароан гьас. Анкь хутIана школалда тIоцебесеб цIумур кьабизе. Амма эбелалъул хабар букIинчIо. Хасавюрталде жиндирго лъималазе партал босизе уней инсул имгIалалъухъ ритIана васас данделъарал гъурщал. «Ва дур гIарцухъ гьаб гурони щвечIоха»,-ян гьелъ гьесие бачIана кьер тIогьилалде сверараб гIадаб хъахIаб горде, жиндирго васасда ретIана тIасияб багьаялъул.

Щвана хаслихълъи, эбелалъул ургъалабаз кваналеб букIана гьитIинав васасул ракI, нусалъул хабар лъларого чIезе бакI тIагIун йикIана якьадги. Мадугьалзабаз ракI-макI гьабулаан гьазие хинал къояздаса пайдаги босун хIалтIулей ятила, йиссинарищ гьей,-абун.

Йиссана тIад гьесул эбел. МахIачхъалаялдаса Ставрополалде рекIараб автобусалде жанире рачIун цо щалали лъаларел гIадамаз ракIарун руго гьезухъа паспортал ва кьун буго дагьабго къадар гIарацги. ХIалтIул бакIазде щваралго хIалтIизарун руго гьабураб хIалтIухъ гIарацги кьечIого, бичал гIадин.

-Аллагьасе рецц буго чIагоIаги тедал,-дир яс,-ян гIодилаго каранде къана ГIащаца тIад юссарай нус. Гьедин ккана сапарги. Бугеб гьечIеб рекъезабун кIудияв гIолев вукIана Шарип. Школалда гьав лъикI цIалулаан, амма цогидаз гIадин ретIел ретIине гьечIеб ресалъ дагьав жанив гIуравлъун гIолев вукIана вас.

* * *

Мадугьалихъ гIун ячIуней йикIана милъирщо гIадай имгIалалъул яс. Васасул гьелде бугеб гIащикъаб балагьиги бичIчIун ясалъул эбелалда кIалъана ПатIимат.

–РачIа Шарипилги Асиятилги ригьин гьабизин, гьаб дир баргъичги ххезин дур ясалда абун йикIин гIадамазда тIатине,-ян суал лъуна ясалъул эбелалъе ПатIиматица.

- Йохъ, йохъ, дица ясалъе ригьин гьабула лъабнусго дида кодоб гIарацги лъолел, баччизе кIолареб гъамас ясалъеги бачIунел гIадамазе. Рес къотIаразул къавулъе цо йигей яс кьезе рази гьечIо дун. Дуца ххураб баргъичищ дир ясалда тIад ххелеб? Йохъ, йохъ!.

Гьединал гIайибаз тIегьалаго гъая ккараб гIадин биххун ана Шарипил хIасратаб анищ. ХIакимлъун вукIарав инсул бокьа-бокьахъе ругьунлъарав васасе ана Асият. Инсул буголъиялъ гIакълу босарав гьев рагъ-мач сабаблъун ва хадув вухарав вас хун анкьго соналъ жаниве ккана. Щибго ургьичIого буголъиялъухъ гIумро бичараб гIадин лъимал хьихьизе цоясул рукъ бацIцIад гьабун, цойгидазул бертин гьабурал бакIал ракIаризе ун, магIишат гьабизе ккана чIухIарай ясалъ.

ГIумроялъул цояб рахъ бигьани, цогидабги гьелда релъунин абухъего къварилъабаз квелъ бана Шарипида. РакIалдаго гьечIого рекIелъ хIунсун хвана эбел, гьеб хIехьезе кIвечIого егаралъуйго къадаралде щун ятана ГIащаги.

Бакъвараб гъотIол гIаркьалида чIараб малъ къосараб хIинчI гIадин хутIун вукIана гьанжего гьанже школа лъугIарав Шарип гъаримлъараб къавуда. Анищ букIана юрфакалде цIализе лъугьине, кинаб ресха гьелъие букIинеб щивго аскIов гьечIого хутIарав бесдаласул. ЧIобого хутIараб рукъалда цебе бугеб бокьалъул тIохда михиралда тIадги гIодов чIун, гьарзаго чвахизе магIуги биччан, зодисан кибего канлъи кьолеб бащалъараб моцIрохъги валагьун, «дие Дуца магIишат кьуни, БетIергьан, дица гьелъул цо бутIа дун гIадал бесдалазе кумек гьабизе биччалаан»,-ян щакърахана гIолилав ва гьеб параялъ тIадеги вахъун щивго жанив гьечIого хутIараб рукъалъул бокIнида цIорораб хварай кIодол бусада гIодулаго кьижун ккана. Макьилъ вуго гьитIинаб майданлъиялда ва зодисан гьасда речIчIулеб буго хинаб бакъул чIор, гьеб хъванщинаб бакIалда раккулел руго кьер-кьерал нигIматал, хиял лъурабщинаб, дагьаб добегIан буго кIиэтажалъул берцинаб мина… ва гь. ц.

Макьидаса ворчIараб мехалъ бакъ гIезегIанго эхеде бахун бугоан, гьелъул чIорал гордунисан речIчIулел рукIун бихьараб батилин гьадинаб макьу,-ян хIисаб гьабуна Шарипица.

Нахъисеб къоялъ раха-къан гъаримлъараб рукъбакIгун шагьаралде ине пикро гьабуна гIолилас. Исана цIализе лъугьине кинго рес гьечIо. Гьасда ракIалде ккана гуми чIолеб порталде хIалтIи балагьизе ине.

ЧIурукъабго къаркъалаялъул вас щакдарилаго къабул гьавуна порталъул нухмалъиялъ, бугониги хIалбихьизе вачIа,-ян разилъиги кьуна. Дагьаб мехалъ гьенивги хIалтIун, цIидасан хIалтIизе лъугьана бакIал ралеб идараялде.

**(Ахир 4 гьумералда)**

## ГIолилазе малъа-хъваял

* Гьоркьорлъабазда хурхун нужее щола нужецаго кьураб. ГIайиб чIваязе ва чи хIакъир гьавиялъе нужее гьими щвелин хьул гьабун, нужго ричIчIизе бокьун батани, дудаги ричIчIе данде ругел. Кинабго тIад буссуна – гьеб буго киналго заманабазда хIалтIараб гIадатияб формула.

* Цогидав чиясул гIумроялъулъ дурго бакI ккезе къеркьоге. ХIалалъ вокьизавизе кIоларо, цо-цояздa гьеб гIадатияб амма цIакъго гIакъилаб хIакъикъат бичIчIуларо. Киданиги лъугьунге цогидав чиясул гIумроялъулъ дуего бакI бахъизе, гьедин цойгидас гьабизе дуего бокьилищали хIисаб гьабе.

*Гьоркьорлъабазда тIад хIалтIизе ккола, гьел жалго жидедасанго лъугьунарелъул. Гьелъулъ кIиябго рахъалъул гIахьаллъи букIине ккола цоцазе гьабулеб квербакъиялъул асаралда гъоркь. Гьеб ккола гьоркьорлъабазе аслияблъун, гьел гьечIони гьоркьорлъаби бигьаго рихун уна.

* ТIаса лъугьине кIвезе ккола. ГIемерисез рикIкIуна гьеб загIиплъи кколин. Амма «дун дуда тIаса лъугьуна» абураб рагIи чиясул загIиплъилъун кколаро. «Дица хвезе биччаларо дур гIумро, гьелъие гIоло дун дуда тIаса лъугьина ва кинабго кIочон тана»,-ян абиялъулъ тамахлъи гьечIо.

* ДагIба-рагIи гьаби буго гIадада заман хвезаби. Нагагьлъун ццим бахъун абун араб рагIиялъ гIумроялъго мун нечезе ккезе бегьула. Щулиял гьоркьорлъабиги хвезе рес буго ургьичIого абураб



рагIи сабаблъун.

*Дуда хисизавизе кIоларо цойги чи. Жинцаго живго гурони гIадамас чи хисизавуларо. Гьединлъидал дуца дуе гIагарав чи къабул гьавизе ккола кинав гьев ватаниги вугеб куцалъ. ЦIакъго дуда данде кколареб жо бугони, гьеб битIухъего бадибе абе. Гьедин гьабуни данде вугев дуе гIоло хисизе бегьула.

* Данде кколеб гьечIони хисизабе дурго сверухълъи. Дурго гIумроялъе санагIат бахъи гьабулел берцинго рикIкIадегIан тезе лъикIаб буго.

# ЗахIмалъабазулъ лъадарараб гIумро

## (ХIакъикъияб хабар)

Ккуна шагьаралда рукъ, ячана лъади. Недегьай, хIалимай яс йикIана гьесда дандчIварай Жамиля. Заманалда хIалтIухъ харж щунгутIиялъ бигьаго букIинчIо цIикIкIараб багьа рукъалъухъги кьун магIишат гьабизе. Бугеб кунеб-ретIунебги рекъезабун тIамулеб букIана гIумро. Гьазие гьаюна яс. Жеги цIикIкIана гIарцуде хIажалъи. Унеб букIана кьварараб хасел. МоцIи-моцIие квартираялъухъ ва газалъухъ гIарац кьечIогоян къотIун гьезие газгун чIана хважаин. КигIан гьараниги гурхIичIо гьев гьитIинаб лъимералда. РекIеда дагьаб заманаялъ гIарац балагьизе вацгIаласухъе вортана Шарип. «КIиго анкьил болжалалда дие балеб бакIалдаса гIарац щола. Бегьиралищ I5 азарго гъурущ къарзалъе кьезе»,-ян хIалимго гьарана гьас Мурадида.

-Кинго рес гьечIо, машина босизе гIарац данде лъолев вуго дун…,-ян кьурун вуссана гьев.

Пащманго ятана рокъое щведал лъади, тукадаса рахьги босун, гьелда гъорлъе чедги бичIчIун кьолеб букIана ясалъе, щекъер унтун букIараб къагIидаха гьелда гьеб къулчIизе кIвечIо, цIа-кан борцана, 39 градус буго. Щибдай гьабилеб?,-ян гIодун йиччан тана гьей.

«Бекараб мугъалда тIухьидул михир»,-ян абухъего рекIелъ магIлъун къана гьасда лъадул рагIаби. Абухъего цIа-каналъулъ йосун йиго анлъго моцI барай яс.

-Хехлъи гьабе, больницаялде, кодое йосана гьас цIорон хвараб рокъой кIиго одеялалъулъ кьущарай яс, лъелго рекерана больницаялде…

ГIодобе ккечIо цIа-кан, рогьиналдехун даимгоялъ къанщана лъимер. Дунялалдаса ракI бакъварав гьав больницаялъул коридоралъув угьдулев вукIана.

Чияр рокъоб хинлъи щвечIев Шарипица хIукму гьабуна щибго тун рукъ базе. БакIал раялда хIалтIулаго эркенаб заманаялъ гьеб базе хIисабалде босараб бакIалда, щванцинаб харжги, къадарабго кванда гIейги гьабун хвезабуна мина баялда. Байбихьуда гIадин гуреб лъикIго пайда щолеб букIана гьанже хIалтIудасан. Заочно лъугьана цIализе, лъабабилеб курсалда цIалулаго консультантасе бакI щун къаси хIалтIизе лъугьана юристазул идараялда. Бана кIиго этажалъул мина, гьаруна киналго санагIалъаби…

ЗахIматалъ куцарав инсанас бокьараб захIматги къвинабула. ЦIалун лъугIидал следователасул кумекчилъул хIалтIи щвана Шарипие. Бокьулеб махщел рагIа-ракьанде щун лъазабуна гьас ва лъикIал юристазда гьоркьоб цIар кенчIолеб буго гьанже. Гьасухъа бажарула ралел бакIазул киналго хIалтIаби гьарун, буго лъикIаб автомашина. ГIицIго рекIелъ къан буго хIажатазе кумекалъе ратизе ракIал мукъсанал, щванагIан жо гIоларел гIадамал…

Амма Шарипида киданиги кIоченчIо квинеги ретIинеги гьечIого живго хутIараб лъимерлъиги гIолохъанлъиги. Гьанже рукъги хIажатабщинабги бугеб мехалъ гьес лъазарула росулъ ресукъго хутIарал лъимал, доб сордоялъ ТIадегIанав Аллагьасе рагIи кьун «бесдалазе кумек гьабилаан» абураб гьа тIубазабизе жакъаги росулъе унев вуго гьев кодор рикIкIен гIемерал сайгъат-саламгун. Къварилъабаз, битIккунгутIабаз бахьичIо гIолиласухъа гIаданлъиги иман буголъиги. Гьединал гIолилал абуни жакъа къанагIат гурони дандчIваларо.

**Саният КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.**

# «Маргьуялъухъ» гьоболлъухъ



Араб анкьалда Шамильхъала поселокалъул «Сказка» ясли-ахикь букIана школалде тIоритIулел лъималазе нухбитIиялде буссараб семинар-совещание. Гьеб тIобитIиялъул аслияб мурад букIана ясли-ахги школаги цадахъ рекъон хIалтIи, школалда ФГОСалъул церелъеял тIураялъе хIадурлъи.

ТIадбиралда гIахьаллъана районалъул лъай кьеялъул гьеб иш тIаде кколел гIадамал, СМИялъул хIалтIухъаби, школаздаса вакилзаби, ясли-ахалда тарбия кьурал ва гь. ц. Утренникалда гIахьаллъана араб соналда ясли-ахалъул тарбия щварал цо-цо цIалдохъабиги.

Киналго хIайранлъизарун рукIана маргьабазул персонажазул ретIел ретIарал гьитIичаз, гьезул церерахъиназ. ЛъикIал церерахъинал рукIана арал соназда ясли-ахикьа арал школлъималазулги. Гьезул букIана биценкIаби кьей, фокусал рихьизарицин. Бищунго балагьаразе бокьана ясли-ахалъул зав. П. ТIагьироваги гьелъул коллективги гIахьаллъараб коллективияб



кьурди.

Тадбиралъул ахиралда киналго кванана, щивасе букIинеселде битIккей гьарана.

# Метер букIана рагъ...



Гьеб гуребги ансадерица бакIара на 7 тонна кьер бугеб металлалъул, I20 чу, фронталде битIана гIемераб хинаб ретIел ва 3 млн. гъур. Рагъда бергьине гьабураб цIикIкIараб кумекалъухъ улкаялъул тIадегIанав главнокомандующий И.В.Сталиница районалъул гIадамазе баркала загьир гьабураб кагъат бачIана районалде. Рагъул гIахьалчагIи чIаго хутIун гьечIониги щивас бичIчIун къабул гьабула нилъеца жакъасеб къо.

Хадубккун районалъул гIадамазе гьарула ракълилаб гIумро, тIегь бараб захIмат, кинабго лъикIабщинаб».

Гьединго данделъиялда кIалъана Ш. МухIамадов, М. Юсупов ва цогидалги. Рагъда хваразе гьабураб обелискалда цебе лъуна тIугьдузул горал.

Райадминистрациялъул клубалда бихьизабуна «Белорусский вокзал» абураб художественнияб фильм.

Спорт

# Депутатасул призалъе гIоло




Араб анкьалда, ай 22 июналда Шамильхъалаялда бихьиназда гьоркьоб букIана РФялъул анкьабилеб нухалда ахIараб Пачалихъияб Думаялъул депутат ГIабдулмажид МахIрамовасул призалъе гIоло тIобитIараб столалда хIалеб теннис бокьулезул кьецал. Гьел тIоритIиялъе аслияб мурад букIана халкъазда гьоркьоб теннис хIай машгьур гьаби, сахаб гIумро гьабиялде гIадамал ахIи, гьезда гьоркьоб гьудуллъи щулалъи.

Кьецал ана жалго ва кIи гоял хIаялъул къагIидаялъ. ГIахьалчагIазе ва призеразе кьуна гIарцулал ва хасал сайгъатал. Киналго кьецазул харжал тIаде росана «Унсоколо район» МОялъул администрациялъ.

# Ахбазаналъул лъикIаб бачIин

Районалъул росдал магIишаталъул отделалъул нач. Ж. Якъубовасул рагIабазда рекъон 500 гIагарун гектаралда ахбазаналъул ахал руго районалъул ва бачIин бугел саназ 8 азарго тонна бачIин бакIарула гьениса. Чанго къо ана гьеб бакIаризе байбихьаралдаса. Гьеб барщун буго Гениб, Майданскиялда, Рихьуни, ГIашилтIа, ГьаракIуни, Балахьуни, Унсоколо.

Майданскиялда ахбазаналъул ах буго Р. МуртазагIалиева сул, гьесул ахикь гIезарула куракул ункъго сорт. «Ахихъанлъи гьабулеб буго 90 соназдаса нахъего. «Дие бокьула ракьалда гьабулеб хIалтIи, дицаго гьабуна ахие мини-трактор, гьелъ гIезегIанго хIалтIаби гьарула гьутIбузда гьоркьоб. Аслияб къагIидаялъ гIезабула «Шалах» сорталъул ахбазан. Гьеб буго чIахIияб сорт, лъикIаб буго товарнияб куц-мохъ, гьеб бигьаго бичунги уна. Исана лъикIаб бачIин буго ахбазаналъул».

Гьаниб гIезабураб ахбазаналъул 60 %, ай цIикIкIараб къадар бичизе уна улкаялъул гьоркьохъел регионазде. Продукциялда хадув вачIун вуго предприниматель ГI-А. МухIамадсултIанов. Гьесги лъикIаб къимат кьуна исанисеб бачIиналъе.

Газета основана 1937 г.
УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация Унцукульского района
Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.
Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора 89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 26. 06. 19 г. 16:20 фактически -16:40 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.